



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YO NAN
DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ EPI KI NAN PRI ABÒDAB YO KI KOUTE 21 MILYON
DOLA NAN KONTE SARATOGA**

***60 nouvo inite pou Dominic Hollow Apartments nan vil Ballston pral gen ladan
sèvis sipò sou plas pou 30 rezidan***

***Devlopman an ki konsevwa yon fason dirab pral ofri Wi-Fi gratis pou tout rezidan
yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon Dominic Hollow Apartments, yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò ki koute 21 milyon dola ki pral kreye 60 kay, sa gen ladan 30 ki rezève pou adilt ki bezwen sèvis sipò, nan vil Ballston nan Konte Saratoga.

"Konte Saratoga se youn nan konte k ap grandi pi vit nan New York epi Dominic Hollow Apartments pral ede satisfè bezwen k ap grandi pou lojman nan pri abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan nou kontinye ap soti anba pandemi an, Administrasyon mwen an pral kontinye priyoreze investisman ki pèmèt Nouyòkè yo jwenn lojman sekirite, garanti ak dirab pou yo kapab viv an sante ak gen lavi reyisi nan kominote yo renmen yo".

Dominic Hollow Apartments ap nan pri abòdab pou fwaye k ap touche 60 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Zòn lan. Yo pral rezève trant apatman pou adilt yo ki pral resevwa sèvis sou plas ke Sèvis Lojman ak Sipò RISE (RISE Housing and Support Services) founi. RISE se pwomotè pwojè a tou avèk CSD Housing nan wòl konsiltan.

Sibvansyon nan sèvis ak lokasyon pou 18 inite sipò yo pral jwenn finansman atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la ak 12 inite sipò pral jwenn finansman atravè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la. OMH ap bay yon montan 416,000 dola chak ane kòm depans operasyonèl pou 18 inite ESSHI ansanm ak 477,000 dola chak ane pou 12 inite sipò.

Dominic Hollow Apartments konsevwa pou satisfè egzijans efikasite enèji pwogram Nouvo Konstriksyon nan Altitud Ba (Low Rise New Construction Program) nan Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and

Development Authority, NYSERDA) ak vèsyon 3.1 pwogram Kay Sètifye ENERGY STAR EPA a. Karakteristik dirab yo pral gen ladan Energy Star oswa ekipman chofaj ak refwadisman ekivalan, aparèy elektwomènaje ak aparèy limyè yo; aparèy plonbri ki konsève dlo; epi penti, amòs, adeziv ak mastik ki san Konpoze Òganik Volatil (Volatile Organic Compound, VOC) oswa kote konpoze a ba.

Ekipman rezidansyèl siplemantè yo pral genyen ladan yo yon sal kominotè ki gen kwizin, espas pou lave, yon sal kourye/pake ak yon espas pou espò. Ekipman anplennè yo pral gen ladan yon kyòsk, lakou ak teren jwèt.

Finansman Eta pou Dominic Hollow Apartments gen ladan Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki pral jenere 11.5 milyon dola nan fon pwòp ak 4.6 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. OMH ap bay sèvis dèt sou prè bankè 3.9 milyon dola nan men Konpayi Prezèvasyon Kominote (Community Preservation Corporation) ak yon Sibvansyon Devlopman Pwogram 106,500 dola. NYSERDA pral founi 56,000 dola nan sipò. JP Morgan Chase te bay 9.6 milyon dola nan finansman konstriksyon ak Richman Group se sendikatè kredi enpo.

Dominic Hollow Apartments se yon pati nan Plan Lojman san presedan, senk ane eta a pou 20 milya dola, pou rann lojman aksesib ak pou konbat sanzabri gras ak konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis sipò. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te investi plis pase 490 milyon dola nan Rejyon Kapital la, ki te kreye oswa prezève plis pase 5,500 lojman abòdab.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare, "Investisman 21 milyon dola nou an nan Dominic Hollow Apartments se yon modèl enpòtan pou kalite devlopman lojman nan pri abòdab bon kalite ki kapab fè New York tounen yon plas pou viv ki pi bon ak pi ekita. Avèk karakteristik dirab yo ak aksè ak entènèt wo debi gratis la, nou kapab bese kou yo pou rezidan yo epi elimine esklizyon dijital ki souvan afekte Nouyòkè ki gen revni fèb yo".

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Dominic Hollow Apartments pral bay bèl kay nouvo ki gen sèvis sipò ki pral pèmèt moun k ap viv avèk maladi mantal yo viv lavi ki konplè, pwodiktif ak satisfèzan. Nan lojman sipò, moun yo viv an sekirite nan kominote yo a, toupre fanmi ak zanmi yo, epi kapab kontribiye aktivman nan kominote yo a. OMH fyè pou li fè patenarya avèk kòlèg nou yo nan HCR, NYSERDA ak RISE Housing and Support Services pou bay lojman ki sekirite, estab pou konpatiyòt Nouyòkè nou yo".

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Dominic Hollow Apartments pral bay rezidan ki gen revni fèb nan Konte Saratoga yo lojman sen, sipò ak nan pri abòdab ki enkòpore aparèy elektwomènaje ki efikas pou enèji ak materyèl konstriksyon ki avanse. Pwojè yo tankou sila a ap montre nouvo konstriksyon kapab pwòp ak vèt kòm sipò efò nou yo pou konbat chanjman klimatik,

pandan an menm tan y ap rantab pou asire aksè pou tout Nouyòkè yo epi nou eksite wè inovasyon sa a".

Sybil Newell, Direktè Egzekitif RISE, te deklare, "Kòm yon patnè kominotè aktif depi 1978, RISE fyè pou li sèvi kòm yon lidè nan satisfè bezwen lojman ak rekiperasyon yo pou vwazen nou yo atravè pwojè Dominic Hollow Apartments lan. Nouvo 60 inite sa yo pral fè pwogrè ki remakab nan konble lakin pou lojman nan pri abòdab nan Konte Saratoga, pandan an menm tan y ap pèmèt moun k ap viv avèk sante mantal yo, toksikomani ak lòt defi nan lavi rete an sekirite ak an sante nan kominote a atravè sèvis lojman ak sipò.

Direktè Devlopman Pwogram, CSD Housing, Mike Newman te deklare, "Rise te rasanble yon gwo ekip devlopman, epi CSD Housing fyè pou li fè pati ekip RISE la. Kòm yon pwopriyetè ak founisè sèvis ki ansyen nan Konte Saratoga, pwojè Dominic Hollow RISE la pral elaji opòtinite lojman yo pou rezidan konte yo ki gen difikilte avèk revni. CSD Housing pa ka tann pou kòmanse travay avèk RISE non sèlman pou fini pwojè Dominic Hollow la, men tou sou inisyativ devlopman lojman alavni.

Senatè Jim Tedisco te deklare, "Kòm yon manm ki byen plase nan Komite Sante Mantal Sena a, mwen konprann kijan kalite sèvis lojman sipò yo ki pral disponib pou ede ak kapasite rezidan Dominic Hollow Apartments yo enpòtan pou jwenn èd yo bezwen ak merite pou chanje lavi yo".

Manm Asanble Mary Beth Walsh te deklare, "Asire manm yo nan kominote nou an jwenn aksè ak lojman nan pri abòdab, patikilyèman nan sikonstans lavi difisil oswa tranzisyon yo, se yon bagay ki enpòtan. Dominic Hollow Apartments, ki pral sitiye andeyò Vilaj Ballston Spa, pral ofri 18 inite lojman sipò, 12 apatman tranzisyon ak 30 ki deziyen kòm lojman nan pri abòdab pou kominote jeneral la - sa vle di 60 kay pou moun oswa fanmi ki te fè fas ak difikilte. Bòn chans a RISE Services pandan l ap franchi pwochen etap yo nan pwojè enpòtan sa a".

Sipèvizè Vil Ballston lan, Eric Connelly, te deklare, "Mwen pa ka tann pou m wè tout lavi ke pwojè inik ak endispansab sa a pral afekte yon fason pozitif".

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418